

# 4 mas

**[Jezi] Li rekonsilye nou... pou Li ka prezante nou-sen, san defo, san repwòch devan je li. E sa, se si nou rete nan lafwa, sa vle di, si nou gen fondasyon.** Kolosyen 1. 22, 23

**Si se dapre lachè n ap viv, nou pral mouri.**

Women 8. 13

## **“Si” k ap twouble nou yo**

Nouvo Testaman an trè klè sou mwayen pou yon moun sove : “Kisa pou m fè pou m ka sove?... Kwè nan Senyè Jezi e ou va sove” (Travay 16. 30, 31). Bondye sove moun ki kwè a, li sove l gratis : “Se kado Bondye” (Efezyen 2. 8). Bondye di li, e li pap janm demanti tèt li.

Men, apre Li fin sove nou, Bondye mete nou devan responsablite yo sa mande. Se pou sa nou jwenn nan pasaj Bib la kèk “si”, tankou nan vèsè jodi a, ki sanble ta mete kondisyon pou yon moun sove. Ki kreyen ki kapab di, li rete nan lafwa tout lajounen, “gen fondasyon epi fèm”? Piga nou panse sa vle di moun ka pèdi lavi etènèl la.

Sipoze ti gason m nan ap jwe bò yon ti lak. M di l byen serye : “Si w ap jwe twò pre, w ap tonbe nan dlo a epi w ap nwaye”. Mwen avèti l paske m renmen l, e li gen tout enterè pou l koute m. Men èske nou kwè m ap kite l tonbe nan lak la epi pou li nwaye, san m pa fè entèvan-syon m, sou pretèks, m te mete l angad ? M si non ! Se pi-tit mwen !

Se konsa Bondye, nan fidelite l, aji anvè nou. Fòk nou pran oserye avètisman patènèl li yo. Men, pigas nou kite tèt nou twouble ak lide, “si” kapab anile gras souvren Bondye a : Li te sove nou. Si sekirite etènèl nou an ta dwe depann, menm de yon ti kras de konpòtman nou genyen pou gen nan lavni, nou pa t ap janm sèten.

Travay sa, Jezi te fè a, e li menm sèl, se sekirite nou, se pou Bondye beni !

# 4 mars

**[Jésus] vous a toutefois maintenant réconciliés... pour vous présenter saints, irréprochables et irrépréhensibles devant lui – si du moins vous demeurez dans la foi, fondés et fermes.** Colossiens 1. 22, 23

**Si vous vivez selon la chair, vous mourrez.** Romains 8. 13

## **Les “si” qui nous troublent**

Le Nouveau Testament est très clair sur le moyen d’être sauvé : “Que faut-il que je fasse pour être sauvé?... Crois au Seigneur Jésus et tu seras sauvé” (Actes 16. 30, 31). Dieu sauve celui qui croit, il le sauve gratuitement : “C’est le don de Dieu” (Éphésiens 2. 8). Dieu l’affirme, et il ne se contredit jamais.

Mais, après nous avoir sauvés, Dieu nous place devant les responsabilités qui en découlent. C’est pourquoi on trouve dans les textes de la Bible des “si”, comme dans les versets du jour, qui semblent poser des conditions pour être sauvé. Quel croyant pourrait dire qu’il demeure au quotidien dans la foi, “fondé et ferme”? N’en déduisons pas qu’on peut perdre son salut.

Imaginons que mon petit garçon joue au bord d’un étang. Je lui dis très sérieusement : “Si tu joues trop près, tu vas tomber à l’eau et te noyer”. Je l’avertis parce que je l’aime, et il a tout intérêt à en tenir compte. Mais croyez-vous que je le laisserai tomber dans l’étang et se noyer, sans intervenir, sous prétexte que je l’ai mis en garde? Bien sûr que non! C’est mon enfant!

C’est ainsi que Dieu, avec fidélité, agit envers nous. Tenons compte de ses avertissements paternels. Mais ne nous laissons pas troubler par la pensée que ces “si” pourraient annuler la grâce souveraine de Dieu : il nous a sauvés. Si notre sécurité éternelle devait dépendre, ne serait-ce qu’un peu, de notre conduite future, nous n’aurions jamais aucune certitude.

L’œuvre accomplie par Jésus, et elle seule, est notre sécurité, Dieu en soit béni!